



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE LÈT LI VOYE BAY SEKRETÈ SÈVIS SANTE AK SÈVIS SOSYAL LA POU MANDE SIPÒ POU KOMINOTE KI DEFAVORIZE YO AK PWOTEKSYON POU IMIGRAN KI PA GEN PAPYE YO NAN PWOGAM DISTRIBISYON VAKSEN AN**

***Pwogram vaksinasyon federal la pa bay finansman pou kominote Nwa, Mawon, Azyatik ak kominote ki gen revni fèb ke etablisman swen sante prive yo mal desèvi yo***

***Pwogram nan egzije Gouvènman Eta yo egzekite yon akò pataj done ki ta ka dekouraje imigran ki pa gen papye yo pran vaksen an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak yon kowalisyon gwoup te pibliye yon lèt yo voye bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, DHHS) la Alex Azar, pou mande administrasyon federal la pou l sipòte kominote defavorize yo epi pou l pwoteje imigran ki pa gen papye yo nan pwogram vaksinasyon federal kont COVID-19 la. Pwogram federal aktyèl la manke finansman pou ranfòse efò eta yo ap fè pou distribye vaksen an bay kominote Nwa, Mawon, Azyatik ak kominote ki gen revni fèb yo ke etablisman swen sante prive yo mal desèvi yo. Li egzije tou pou eta yo egzekite yon akò pataj done ki gen ladan bay done idantifikasyon ke yo ta ka pataje ak plizyè ajans federal, ki gen ladan ajans imigrasyon yo, ki ta ka dekouraje imigran ki pa gen papye yo pran vaksen an. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te deja pwopoze yon sistèm ki modifye ki ta pwoteje enfòmasyon pèsònèl rezidan yo epi ede asire yo fè vaksen an ak pwogram distribisyon li an konfyans.

"Nou ap vanse byen vit nan direksyon yon vaksen kont COVID-19, ki se yon bòn nouvèl. Sepandan, plan aktyèl gouvènman federal la genyen pou vaksinen Ameriken yo neglije priyorite kle ke nou bezwen pou n distribye vaksen an bay anpil milyon Nouyòkè nan yon fason efikas", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou bezwen konsantre sou kominote Nwa, Mawon, Azyatik ak kominote ki gen revni fèb yo ke istorikman enstitisyon swen sante yo ki se kle nan plan gouvènman federal la, mal desèvi yo. Mwen menm tou mwen enkyete ke lè yo mande enfòmasyon pèsònèl, sa ta ka dekouraje imigran ki pa gen papye yo pran vaksen an. Nou paka plede pèdi tan pliske n ap avanse pi pre dat distribisyon an epi mwen ankouraje administrasyon an pou l adrese pwoblèm sa yo byen vit."

Tout tèks lèt la okonplè anba la a:

Madi 1ye desanm 2020

Chè Sekretè Azar:

Nou ap ekri w pou atire atansyon w a yon pwoblèm ki trè enpòtan konsènan pwosesis vaksinasyon k ap vini an.

Evidamman, yon pwogram administrasyon vaksen reyisi enpòtan anpil pou sante nasyon ana. Men, pou pwogram vaksinasyon an reyisi, li dwe gen tout patisipasyon tout pèp Ameriken an. Poutèt sa, nou mete tèt nou ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou souleve enkyetid sou jistis ak efikasite nan pwogram vaksinasyon federal aktyèl la.

Premyèman, nou pwofondman boulvèse pa lefèt ke pwogram vaksinasyon federal la pa reyisi bay eta yo finansman adekwa pou yo antreprann plan vaksinasyon efikas pou kominote Nwa, Mawon, Azyatik ak kominote ki gen revni fèb yo ki twò souvan, etablisman swen sante prive yo mal desèvi yo. To enfeksyon ak to lanmò COVID yo konsiderabman pi wo nan kominote sa yo, epi si yo pa reyisi bay kominote sa yo yon pwogram vaksinasyon adekwa, kèlkeswa si se ta entansyon oswa se jis efè a, sa pral diskriminasyon davantaj kont kominote sa yo. Nou mete ansanm ak gwoup dwa sivil nasyonal yo tankou Lig Iben Nasyonal (National Urban League) la ak NAACP pou fè apèl ak yon pwogram vaksinasyon ki finanse nan nivo federal ki jis epi egal.

Dezyèmman, gouvènman federal la egzije gouvènman eta yo egzekite yon Akò Pataj Done anvan li kòmanse pwogram vaksinasyon an. Akò aktyèl Pataj Done ke gouvènman federal la bay la egzije idantifikasyon chak moun ke yo vaksinen - gouvènman federal la sigjere ke eta yo itilize nimewo Sekirite Sosyal, nimewo idantifikasyon pèmi kondui, oswa nimewo paspò pou ranpli kondisyon sa a.

Dispozisyon sa a evidamman souleve enkyetid, pliske kritè yo pwopoze yo tout se pwokirasyon pou prèw sitwayèn. Yon dispozisyon federal adisyonèl nan Akò Pataj Done a ki yon fason espesyal menm plis agrave enkyetid la pliske yo ta ka pataje enfòmasyon an ak lòt ajans federal yo, sa vle di Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) ak Ajans Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE). Si yo dekouraje Ameriken ki pa gen pape yo patisipe nan pwogram vaksinasyon an, sa ap mete alafwa sante yo ak efikasite tout pwogram vaksinasyon an an danje.

Eta New York te pwopoze de (2) klarifikasyon oswa modifikasyon pou rezoud pwoblèm nan. Premyèman, New York pral bay yon sistèm idantifikasyon pou kontwole moun ki pran vaksen yo ak dòz obligatwa nan fason efikas ki pa idantifye nimewo Sekirite Sosyal, nimewo paspò, oswa nimewo pèmi kondui yon moun bay gouvènman Federal la. Eta a pral bay done yo an gwoup. Anplis de sa, gouvènman federal la dwe dakò kenbe enfòmasyon idantifikasyon vaksinasyon an prive menm jan ak nenpòt lòt pwoblèm sante, epi dakò pou yo pa pataje li avèk nenpòt ki ajans ki pa ajans sante pou nenpòt ki lòt rezon.

Li nan enterè tout moun pou nou tout travay ansanm pou ankouraje elektè respektif nou yo patisipe nan pwogram vaksinasyon an. Efò sansibilizasyon nan kominote Nwa, Mawon, Azyatik ak kominote ki gen revni fèb yo esansyèl. Anplis de sa, li sètènman pa nan enterè nasyon an pou moun gen enkyetid valab ki anpeche yon patisipasyon konsa, epi kominote ki pa gen papyè legal la gen rezon espesifik ak valab pou enkyete yo lè y ap bay ajans federal yo enfòmasyon ki pa nesesè, ki pa pètinan, epi ki sansib.

Nou pa ka tann pou nou travay ansanm pou n òganize yon pwogram vaksen ki rapid ak efikas pou asire sante nasyon an Mèsi pou konsiderasyon, kowoperasyon, ak koutwazi ou.

Sensèman,  
Gouvènè Andrew M. Cuomo

Guillermo Chacon  
President  
Hispanic Health Network & Latino Commission on AIDS, Inc.

Andy Chen  
Executive Director  
Asian American Community Empowerment

Rawaa Nancy Albilal  
President & CEO  
Arab-American Family Support Center

Diana Saguilán  
Interim Co-Executive Director  
Worker Justice Center of New York

Maria Lizardo LMSW  
Executive Director  
NMIC

Beth A. Broadway  
President/CEO  
InterFaith Works of Central New York

Davon Russell  
President  
WHEDco

Martha Maffei  
Executive Director

SEPA Mujer Inc.

Jirandy Martinez  
Executive Director  
Community Resource Center

Linda Lee  
President & CEO  
Korean Community Services of Metropolitan New York

Alan Wernick  
Director  
CUNY Citizenship Now!

Alba Lucero Villa  
Executive Director  
Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights

Rebecca Sanin  
President and CEO  
Health and Welfare Council of Long Island

Eddia Cuesta  
Executive Director  
Dominicanos USA (DUSA)

Frankie Miranda  
President  
Hispanic Federation

Monsignor Kevin Sullivan  
Executive Director  
Catholic Charities of the Archdiocese of New York

Sister Helen Kearney  
President  
Sisters of St. Joseph

Shelly Callahan  
Executive Director  
The Center

Andrea Callan, Esq.  
Interim Co-Executive Director  
Worker Justice Center of New York

Fanny Villarreal  
CEO  
YWCA of Syracuse and Onondaga County

Minerva Perez  
Executive Director  
OLA of Eastern Long Island

Jeff Reynolds  
President & CEO  
Family and Children's Association

Carola Otero Bracco  
Executive Director  
Neighbors Link

Talib Z. Abdullah  
Executive Director  
ACCESS of WNY

Manuel Castro  
Executive Director  
New Immigrant Community Empowerment (NICE)

Ben Thomases  
Executive Director  
Queens Community House

Mohammad Razvi  
Chief Executive Officer  
Council of Peoples Organization

John Park  
Executive Director  
Minkwon Center for Community Action

Gladys Serrano  
CEO  
Hispanic Counseling Center

Ligia Gualpa  
Worker's Justice Project  
(WJC)

Mimi Pierre Johnson  
President and CEO

The Elmont Cultural Center

Albert Fox Cahn  
Executive Director  
S.T.O.P. - The Surveillance Technology Oversight Project

Nyasa Hickey  
Director of Immigration Initiatives  
Brooklyn Defender Services

Rokeya Akhter  
Executive Director  
New American Voters Association

Donna Lieberman  
Executive Director  
New York Civil Liberties Union

Carmen Maquilon  
Director  
Catholic Charities of Long Island  
Immigrant Services

Karen M. Andolina Scott  
Executive Director  
Journey's End Refugee Services, Inc.

Helen Alesi  
Executive Director  
Latino Civic Association

Kyle Bragg  
President  
32BJ SEIU

Pabitra Benjamin  
Executive Director  
Adhikaar

Jo-Ann Yoo  
Executive Director  
Asian American Federation

Jacob Dixon  
CEO  
Choice for All

Eileen Torres  
Executive Director  
Bronxworks

Jay Subedi  
New Americans Forum

Justine Olderman  
Executive Director  
Bronx Defenders

Yeseina Mata  
Executive Director  
La Colmena

Margarita Guzman  
Executive Director  
Violence Intervention Program

Murad Awawdeh  
Interim Co-Executive Director  
New York Immigration Coalition

Lucy A. Candelario  
Executive Director  
Erie Regional Housing Development Corporation d/b/a The Belle Center

Mino Lora  
Co-Founder & Executive Director  
People's Theatre Project

Deborah Axt  
Co-Executive Director  
Make the Road New York

Eva Hassett  
Executive Director  
International Institute of Buffalo

An Kopi: Prezidan Eli Joseph R. Biden, Jr.  
Delegasyon Kongresyonèl Eta New York  
Manm Gwoup Moun Nwa Eli nan Kongrè a  
Manm Gwoup Moun Ispanik Eli nan Kongrè a  
Manm Gwoup Moun Azyatik Pasifik Ameriken Eli nan Kongrè a

Pyès Jwent. Sipòtè Adisyonèl yo

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)